

## **BAB I**

### **BUBUKA**

Dina ieu bab dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, struktur organisasi skripsi jeung wangenan operasional anu dijéntrékeun ieu di handap.

#### **1.1 Kasang Tukang Panalungtikan**

Salasahiji kaparigelan di sakola anu kacida pentingna nyaéta kaparigelan nulis. Ieu hal dirojong ku pamadegan Helaluddin (2020) anu nétélakeun yén kaparigelan nulis jadi kaparigelan anu dibutuhkeun pisan dina pangajaran, boh akademik boh ilmiah boh nonakademik. Wulan & Siahaan (2021) ogé nepikeun pamadegan nu sarua yén nulis téh mangrupa kaparigelan anu penting dina kahirupan, kaasup dina widang pangajaran. Sajalan jeung dua pamadegan di luhur, salasahiji tujuan penting tina pangajaran di sakola téh nyaéta pikeun ngahasilkeun siswa anu bisa nepikeun gagasanana sacara lisan jeung tulisan (Suprayogi, spk., 2021). Kaparigelan nulis sorangan dihartikeun minangka kagiatan anu ngahasilkeun atawa nepikeun gagasan jeung pikiran, ngaliwatan lambang atawa tulisan (Siddik, 2016). Nulis ogé mangrupa kagiatan anu mikabutuh latihan, kréatifitas, jeung kudu bisa ngawasa kana tata basa sarta kudu apal naon nu rék ditulis (Syamsuddin, 2021). Tina sababaraha pamadegan di luhur bisa dicindekkeun yén kaparigelan nulis téh penting pikeun diajarkeun di sakola.

Sanajan nulis geus dianggap penting tur geus diajarkeun di sababaraha fase di sakola, tapi dina émprona mah loba kénéh siswa nu ngarasa hésé nalika nulis. Faktorna mah tina sababaraha pasualan saperti kurang ngawasa dina kosa kecap, kurang maham kana mikrobasa patali dina makéna tanda baca, dina nyusun klausa jeung kalimah, sarta dina nyusun paragraf (Nursyaidah, 2019). Ieu hal ogé dieuyeuban ku Simbolon, spk. (2019) nu nyebutkeun yén kurangna kamampuh siswa dina nulis téh salasahiji faktorna tina modél pangajaran anu teu luyu jeung kurang ngirut. Ku kituna, ieu hal jadi pasualan nu kudu diungkulan.

Patali jeung pangajaran di sakola, kagiatan nulis diajarkeun di sababaraha fase, salasahijina dina fase D. Ieu hal dumasar kana Capaian Pembelajaran (CP) anu

disebutkeun dina Buku Saku Kurikulum Merdeka Bahasa Sunda anu dimedalleun ku Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat (2022), anapon eusina nyaéta:

*Peserta Didik mampu menyampaikan informasi atau pesan (perasaan, gagasan, pikiran, dan kehendak) dalam berbagai tipe teks tulis nonfiksi dengan menggunakan kosa kata yang khas atau idiom bahasa Sunda untuk tujuan tertentu.*

Dumasar kana pedoman di luhur, salasahiji téks nonfiksi nu diajarkeun dina fase D nyaéta téks déskripsi. Ieu hal luyu jeung matéri ésénsial Basa Sunda dina Kurikulum Merdéka. Téks déskripsi mangrupa salasahiji wangun tulisan nu eusina ngagambarkeun objék, tempat, jsb., ngagunakeun basa nu singget jeung babari dipikaharti, tujuana pikeun nyieun pamaca jadi paham kana naon nu dijelaskeun atawa digambarkeun dina téks sacara rinci tur jéntré (Hermaditoyo, 2019). Sapanuju jeung Hermaditoyo, Ulfa, spk., (2018) ogé nétélakeun yén téks déskripsi mangrupa wangun téks nu miboga mangpaat pikeun mikanyaho gambaran ngeunaan hiji tempat, kaayaan, jsb. Dina ieu panalungtikan, téks déskripsi nu diajarkeun nyoko kana jejer tempat.

Sabada ngalaksanakeun observasi awal ngaliwatan wawancara ka pangajar basa Sunda fase D di SMP Negeri 9 Bandung, aya sababaraha pasualan nu karandapan ku siwa dina nulis téks déskripsi saperti siswa kurang maham kana tata basa basa Sunda kaasup dina éjahan jeung kalimah éféktif, kurangna pangaweruh ngeunaan kosa kecap basa Sunda, sarta nu utamana mah siswa bingung naon nu rék ditulis (Atikah, 2024). Pasualan nu karandapan di SMP Negeri 9 Bandung mangrupa pasualan nu sarua jeung sakola nu lian, contona pasualan di SMP Negeri 2 Kedu Tumenggung. Yuliana (2020) dina panalungtikana nyebutkeun yén pasualan siswa dina nulis téks déskripsi téh nyaéta hésé nepikeun gagasanana dina wangun tulisan. Ayana ieu pasualan bisa diungkulan ku sababaraha cara, salasahijina nyaéta kucara ngalarapkeun modél pangajaran nu cocog. Ieu hal ogé disaluyuan ku Yuliana spk., (2020) nu nétélakeun yén tujuan pangajaran bisa dihontal ku cara ngagunakeun modél pangajaran nu cocog. Dina ieu panalungtikan, modél anu digunakeun nyaéta model *Picture Word Inductive* anu satuluyna disingget jadi modél PWI.

Modél PWI mangrupa modél pangajaran anu ngawengku gambar nu dibéré kecap konci ngeunaan naon nu rék didéskripsikeun. Tujuan ayana gambar nyaéta pikeun mantuan siswa dina nginget-nginget kecap konci sarta mantuan siswa dina

ngaidéntifikasi naon nu katingali dina gambar. Dina prak-prakanana hal anu bakal dilakukeun ku siswa nyaéta nulis téks déskripsi dumasar gambar, manggihan kecap konci, maca, jeung ngaruntuykeun kecap jadi kalimah (Yulizar, 2018).

Model PWI mangrupa modél pangajaran anu ngagunakeun gambar minangka médiana. Luyu jeung modél pangajaran nu dipilih, gambar dina ieu pangajaran dibéré sababaraha kecap konci anu tujuana minangka stimulus pikeun siswa dina nulis. Kecap konci nu disadiakeun dina ieu gambar dipiharep bisa mantuan siswa nalika rék nulis sarta bisa nambahan kandaga kecapna. Harepanna ieu modél bisa jadi alternatif dina pangajaran nulis téks déskripsi siswa fase D sangkan leuwih ngirut tur bisa ngahontal tujuan pangajaran.

Tujuan tina ieu panalungtikan nyaéta sangkan mikanyaho kumaha kamampuh siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun modél PWI. Anapon model PWI jeung téks déskripsi nu aya dina ieu panalungtikan kungsi ditalungtik saméméhna. Kahiji, *“The Effect of Picture Word Inductive Model (PWIM) Teaching Strategy to The Ability on Writing A Descriptive Text at Grade VIII Students of SMP Negeri 1 Jorlang Hataran”* (Siahaan spk., 2023). Hasil tina ieu panalungtikan nyaéta model PWI miboga pangaruh nu leuwih gedé tibatan modél pangajaran nu konvènsional dina kamampuh nulis téks déskripsi siswa kelas VII SMP. Kadua, *“Using the PWI Model to Write Descriptive Text”* (Rachel & Samban, 2022). Hasil tina ieu panalungtikan nyaéta model PWI éféktif pikeun dilarapkeun dina pangajaran nulis téks déskripsi bahasa Inggris di 8 kelas di SMA Kristen Makale. Katilu, *“Picture Word Inductive for Better Descriptive Text Writing”* (Ermita spk., 2019). Hasil tina ieu panalungtikan nyaéta modél PWI bisa ngaronjatkeun motivasi mahasiswa semester dua dina diajar nulis téks déskripsi. Tina sababaraha panalungtikan di luhur bisa dicindekeun yén pasualan dina nulis téks déskripsi bisa diungkulan ngagunakeun modél PWI.

Ieu panalungtikan jeung panalungtikan nu geus dipedar di luhur tangtu aya bédana. Bédana nyaéta tina variabel jeung sumber data nu ditalungtikna. Dina ieu panalungtikan mah variabel kaugerna nyaéta téks déskripsi basa Sunda ngeunaan tempat wisata, sarta sumber datana nyaéta siswa kelas VIII-I SMP Negeri 9 Bandung. Variabel kauger dina ieu panalungtikan jadi pangbéda anu utama, lantaran dina panalungtikan saméméhna mah lolobana ieu modél digunakeun dina

pangajaran téks déskripsi basa Inggris (*descriptive text*). Sedengkeun dina ieu panalungtikan mah modél PWI téh bakal digunakeun dina pangajaran téks déskripsi basa Sunda.

Ku kituna, dumasar kana kasang tukang di luhur, panalungtikan anu judulna “*Model Picture Word Inductive dina Pangajaran Nulis Téks Déskripsi (Studi Kuasi Ékspérimén ka siswa kelas VIII-I SMP Negeri 9 Bandung Semester Genap Taun Ajar 2023/2024)*” penting pikeun ditalungtik.

## 1.2 Rumusan Masalah Panalungtikan

Aya sawatara masalah nu kaidéntifikasi tina kasang tukang di luhur di antarana nyaéta siswa hésé nuliskeun gagasan kana wangun téks déskripsi, baluweng ngeunaan naon nu rék ditulis, jeung kurang ngawasa kana kosa kecap basa Sunda. Ku kituna, siswa jadi kurang parigel dina ngajelaskeun hiji objék sacara rinci tur jéntré dina wangun tulisan. Anapon watesan masalah dina ieu panalungtikan nyaéta ngeunaan kamampuh awal jeung kamampuh ahir siswa kelas VIII-I SMP Negeri 9 Bandung dina nulis téks déskripsi ngagunakeun model PWI.

Saluyu jeung anu dipedar di luhur, rumusan masalah dina ieu panalungtikan aya tilu.

- Kumaha kamampuh siswa kelas VIII-I SMP Negeri 9 Bandung dina nulis téks déskripsi saméméh ngagunakeun model PWI?
- Kumaha kamampuh siswa kelas VIII-I SMP Negeri 9 Bandung dina nulis téks déskripsi sabada ngagunakeun model PWI?
- Kumaha bédana antara kamampuh siswa kelas VIII-I SMP Negeri 9 Bandung dina nulis téks déskripsi saméméh jeung sabada ngagunakeun modél PWI?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan tina ieu panalungtikan dibagi jadi dua nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

### 1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun modél PWI dina pangajaran nulis téks déskripsi.

### 1.3.2 Tujuan Khusus

Tujuan khusus tina ieu panalungtika aya tilu luyu jeung rumusan masalah nu geus dipedar saméméhna. Tujuanna nyaéta pikeun ngadéskripsikeun:

- a. kamampuh siswa kelas VIII-I SMP Negeri 9 Bandung dina nulis téks déskripsi saméméh ngagunakeun model PWI;
- b. kamampuh siswa kelas VIII-I SMP Negeri 9 Bandung dina nulis téks déskripsi sabada ngagunakeun model PWI; jeung
- c. kamampuh nulis téks déskripsi siswa kelas VIII-I SMP Negeri 9 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun modél PWI.

## 1.4 Manfaat Panalungtikan

Aya sababaraha mangpaat dina ieu panalungtikan nu diwincik jadi dua bagéan anu diguar ieu di handap.

### 1.4.1 Manfaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nyaéta dipiharep bisa ngeuyeuban référénsi patali jeung pengembangan model dina pangajaran nulis sarta bisa nambahan pangaweruh tur informasi ngeunaan model PWI.

### 1.4.2 Manfaat Praktis

Lian ti mangpaat téoritis, ieu panalungtikan ogé miboga tilu mangpaat praktis.

- a. Pikeun siswa, dipiharep siswa bisa maham kana matéri téks déskripsi, parigel dina nuliskeun gagasana dina wangun téks déskripsi, sarta bisa nambahan kandaga kecapna. Éta hal tangtuna ku cara ngagunakeun modél PWI dina pangajaran nulis téks déskripsi
- b. Pikeun guru, ieu panalungtikan bisa nambahan ide nalika ngajar di kelas sangkan pangajaran bisa leuwih ngirut.

- c. Pikeun panalungtik, bisa mikanyaho kaéféktifan ngagunakeun modél PWI dina pangajaran nulis téks déskripsi basa Sunda.

### 1.5 Struktur Organisasi Skripsi

BAB I Bubuka, eusina ngawengku kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi masalah, rumusan masalah, tujuan umum panalungtikan, tujuan husus panalungtikan, mangpaat téoritis panalungtikan, mangpaat praktis panalungtikan, struktur organisasi skripsi, jeung wangenan operasional.

BAB II Ulikan Tiori, Panalungtikan Saméméhna, Raraga Mikir, jeung Hipotésis, eusina ngawengku ulikan tiori ngeunaan modél pangajaran PWI jeung pangajaran nulis téks déskripsi. Lian ti éta, dina ieu bab ogé dipedar ngeunaan panalungtikan saméméhna, raraga mikir, jeung hipotésis.

BAB III Métoheu Panalungtikan, eusina ngawengku métoheu jeung désain panalungtikan, prosedur panalungtikan, sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, jeung téknik nganalisis data.

BAB IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngawengku kamampuh siswa kelas VIII-I SMP Negeri 9 Bandung dina nulis téks déskripsi saméméh ngagunakeun Model PWI, kamampuh siswa kelas VIII-I SMP Negeri 9 Bandung dina nulis téks déskripsi sabada ngagunakeun model PWI, jeung bédana kamampuh siswa saméméh jeung sabada dilarapkeun modél PWI. Lian ti tilu hal éta, dina ieu bab ogé diguar ngeunaan pedaran.

BAB V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, eusina ngawengku kacindekan tina ieu panalungtikan, implikasi tina ieu panalungtikan jeung rékoméndasi dumasar hasil panalungtikan nu geus dilakukeun.

### 1.6 Wangenan Operasional

- a. Modél PWI dina ieu panalungtikan nyaéta modél pangajaran anu ngagunakeun gambar minangka médiana nu satuluyna bakal dieuyeuban ku kecap sarta didéskripsikeun ku siswa. Konsép utama tina ieu modél nyaéta mantuan siswa dina nulis ku cara mikir sacara induktif. Hartina, siswa bisa mekarkeun tulisan tina informasi nu husus, nyaéta tina kekecapan nu kapanggih dina gambar.

Anapon léngkah-léngkahna aya lima nyaéta milih gambar, ngaidéntifikasi gambar, nyieun judul, nyusun kalimah sarta nyunting paraprap.

- b. Pangajaran nulis téks déskripsi dina ieu panalungtikan nyaéta kagiatan siswa kelas VIII-I SMP Negeri 9 Bandung dina nulis téks déskripsi patali jeung gambar nu disadiakeun dina model pangajaran. Gambarna mangrupa gambar tempat wisata.